

# Entwodiksyon ak enspeksyon kay



Devlope an patenarya ak Asosyasyon Entènasyonal Enspektè Kay Sètifye (International Association of Certified Home Inspectors, InterNACHI®), gid sa a reponn kesyon komen ak dekri objektif yon enspeksyon kay, sa ou ka atann pandan pwosesis la ak konsèy pou travay avèk yon enspektè ki kalifye.

Achte yon kay se souvan pi gwo envestisman w ap fè nan lavi ou. Li enpòtan pou fè yon enspeksyon kay pou dekouvri epi dokimante domaj ki ka evidan oswa pa evidan pou ou kòm yon achtè potansyèl. Domaj sa yo ka varye ant ranplasman oswa reparasyon senp rive nan domaj grav, oswa risk pou sekirite ak sante.

Yon enspeksyon kay ap ede w pran yon desizyon klè lè w ap achte yon kay. Anplis de sa, pifò konpayi ipotèk egzije pou yo fè yon enspeksyon kay sou pwopriyete a anvan yo apwouve yon prè kay.

## Kisa yon enspeksyon kay ye?



Yon enspeksyon kay se yon egzamen vizyèl estrikti prensipal yo, sistèm yo, ak eleman kle nan yon pwopriyete. Objektif li se idantifye nenpòt pwoblèm ki egziste oswa ki ka parèt, ki ka afekte sekirite, fonksyonman, oswa valè kay la.

Yon enspeksyon kay fèt kont lajan pa yon espèkte ki gen lisans e ki kalifye.




## Kisa yo enkli nan yon enspeksyon kay?

Enspektè a ta dwe swiv oswa depase estanda pratik ki presize sa yo kouvri pandan yon enspeksyon kay, ansanm ak sa yo pa kouvri.

- Enspektè a ta dwe eksplike w sa enspeksyon an ap kouvri anvan li kòmanse; sa yo rele domèn travay la.
- Enspektè a ta dwe bay ou yon kopi oswa yon lyen ak estanda pratik li swiv yo.

### Enspeksyon kay

- |           |            |  |                                       |                            |
|-----------|------------|--|---------------------------------------|----------------------------|
| ① Do kay  | ② Eksteryè | ③ Soutèren, fondasyon,<br>espas pou rale ak estrikti | ④ Chofaj                              | ⑤ Refwadisman              |
| ⑥ Plonbri | ⑦ Elektrik | ⑧ Chemine  | ⑨ Grenye, izòlasyon<br>ak vantilasyon | ⑩ Pòt, fenèt<br>ak enteryè |



## **Menmsi detay yo ka varye, yon enspeksyon kay estanda anjeneral kouvri zòn kle sa yo:**



### **Konpozan estriktirèl**

- Fondasyon, soutèren, ak espas pou izolasyon
- Mi, plafon, ak planche
- Estrikti do kay ak grenye
- Eleman ki sipòte chay




### **Sistèm do kay**

- Eta dra, tòl, oswa lòt materyèl kouvèti do kay
- Flashing (bann metal ki anpeche dlo antre), vantilasyon, ak sistèm drenaj
- Chemine, ouvèti pou limyè natirèl, ak lòt ouvèti sou do kay la



### **Sistèm plonbri**

- Tiyo ki bay dlo ak sistèm distribisyon
- Drenaj, fatra, ak tiyo vantilasyon
- Chofè dlo, ki gen ladan laj li ak eta li
- Akseswa tankou lavab, twalèt, basen, ak douch



### **Sistèm elèktrik**

- Panèl sèvis ak disjonktè sikwi
- Priz, switch, ak aparèy limyè
- Fil elektrik ki ateri ak koneksyon sekirite
- Detektè lafimen ak alam monoksid kabòn



### **Sistèm chofaj, vantilasyon ak è kondisyone (Heating, Ventilation, and Air Conditioning, HVAC)**

- Founo, ponp chalè, ak inite è kondisyone
- Kanal lè ak distribisyon lè
- Tèmomèt ak kontwòl
- Siyn vizib flit oswa mank efikasite



Apre enspeksyon an fini, enspèkte a ta dwe bay ou yon rapò alekri detaye sou sa li jwenn, ki ka gen ladan foto ak/oswa rekòmandasyon.



## Konbyen yon enspeksyon kay koute?

Pa gen yon pri fiks pou yon enspeksyon kay. Pri a ka varye selon enspektè a, mache lokal la, zòn jewografik la, domèn enspeksyon an, elatriye.



Ou ka chwazi mande plizyè enspektè ki gen lisans ak kalifikasyon pou ba ou estimasyon, pou asire pri a konparab.

## Konbyen tan yon enspeksyon kay pran?



Tou depan de laj kay la, gwosè li, kote li ye, ansanm ak sijè ki abòde nan travay la ak pwotokòl travay ak etik enspektè a, enspeksyon kay la ka pran jiska twa èdtan si se yon sèl enspèkte k ap fè li. Enspeksyon lòt estrikti sou pwopriyete a oswa sèvis adisyonèl tankou tès pou mwazi oswa gaz radon ap ogmante tan enspeksyon an. Enspektè ou a ka bezwen pote yon asistan si pwopriyete a trè gwo.

Si enspeksyon kay ou a dire anpil mwens pase de a twa èdtan, sa ka vle di enspektè a pa t fè yon travay a fon.



## Kisa k ap pase si enspeksyon an revele pwoblèm?

Si enspeksyon kay ou revele nenpòt pwoblèm, li enpòtan pou w konprann gravite domaj la. Pa egzanp, yon dra do kay ki manke oswa yon filtè lè ki sal ka fasil repare ak yon ti pri.

Sepandan, si domaj la pi grav, tankou yon gwo fant nan fondasyon an, flit ki parèt sou do kay la, oswa gwo kantite dlo k ap antre lakay ou, sa ka koute chè pou repare. Ou ta dwe chèche konnen si oswa kijan yo ka rezoud pwoblèm sa yo, konbyen sa ap koute, epi si ou ka negosye pri reparasyon an ak vannè a.

Apre ou fin antre nan kay la, si ou remake gen yon gwo domaj ki pa te rapòte pa enspektè a, rele enspektè a epi ba li opòtinite pou li revize sa ou jwenn yo. Anpil fwa, kontra sèvis yo egzije pou ou fè etap sa a anvan ou pran lòt aksyon.



Si enspèkte a pa ede ou, ou gen opsyon:

Depoze yon plent bay Depatman Règlementasyon Biznis ak Pwofesyonèl (Department of Business and Professional Regulation), ki responsab bay lisans ak kontwole enspèkte kay yo:



Pwogram Lisans pou Enspèkte Kay

850.487.1395

[www2.myfloridalicense.com/file-a-complaint](http://www2.myfloridalicense.com/file-a-complaint)



Mande pou yo montre ou prèv asirans yo. Tout enspèkte oblige gen yon *asirans responsabilite sivil jeneral*. Gen kèk enspektè tou ki gen *asirans pou erè ak omisyon*, ki ka pèmèt ou resevwa yon peman si enspektè a te fè yon erè nan sèvis li yo. Ou ka bezwen konsidere fè yon reklamasyon bay konpayi asirans lan.



Enspèktè ki sètifye atravè InterNACHI® ka patisipe nan **Garanti Rachè InterNACHI a**, ki kouvri pri ou te peye pou kay la si li satisfè kèk kritè espesifik.



## Si enspektè kay mwen an se yon kontraktè tou, èske li ka repare domaj li idantifye yo?

Non. Fè wòl enspektè ak kontraktè sou menm pwopriyete a se yon konfli enterè.



Si yon enspektè benefisyé finansyèman lè li jwenn domaj, sa ka afekte presizyon rapò a (kit se entansyonèl oswa pa).

### Dapre Kòd Etik InterNACHI® a:



Yon manm InterNACHI pa dwe fè ni pwopoze pou l fè, pou yon frè anplis, okenn reparasyon oswa sèvis ki gen rapò ak estrikti a kote li oswa konpayi li te prepare yon rapò enspeksyon kay pandan yon peryòd 12 mwa. Dispozisyon sa a pa enkli sèvis pou eleman oswa sistèm ki pa ladan n nan Estanda Pratik InterNACHI yo.

Asire w ke enspektè a respekte yon Kòd Etik ak Estanda Pratik.

## Kijan mwen ka asire mwen ke yon enspektè kay kalifye?

Li enpòtan pou chwazi yon enspèkte kay ki kalifye epi ki gen lisans atravè **Depatman Règlementasyon Biznis ak Pwofesyonèl**. Ou ka verifye yon lisans enspektè sou entènèt nan [www.myfloridalicense.com](http://www.myfloridalicense.com).



Chèche konnen si enspektè a gen lòt tit pwofesyonèl, tankou **Certified Master Inspector® (CMI®)**, ki se youn nan pi gwo rekonesans pwofesyonèl nan endistri enspeksyon an.

Mande si enspektè a kenbe plizyè lisans. Gen kèk enspektè ki gen lòt sètifikasiyon ki pèmèt yo fè enspeksyon ki depase domèn lisans estanda yon enspèkte kay. Egzanp kalifikasyon sa yo gen ladan yo: operatè kontwòl ensèk, evalyatè mwazi, oswa teknisyen radon.



Ou ka mande referans, pale ak yo, epi li kòmantè sou entènèt anvan ou pran yon eenspektè.

## Ki kote mwen ka jwenn yon enspektè kay nan zòn mwen?

Ou ka jwenn yon enspèkte lokal lè ou chèche nan **repètwa InterNACHI pou Florid la:**  
<https://www.nachi.org/certified-inspectors/browse/us/florida>.

Asire w ou verifye lisans enspektè a sou sitwèb Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl Florid la: <https://www.myfloridalicense.com>.

Pou plis enfòmasyon sou enspektè kay ak enspeksyon, vizite:



Depatman Règlemantasyon  
Biznis ak Pwofesyonèl  
[www.MyFloridaLicense.com](http://www.MyFloridaLicense.com)



Asosyasyon Entènasyonal Enspektè  
Kay Sètifye (InterNACHI®)  
[www.NACHI.org](http://www.NACHI.org)

NÒT

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---



[www.NACHI.org](http://www.NACHI.org)



[www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA)

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

@YourFLVoice